# Qaraqalpaqstanlı voleybolshılar «Universiada-2020» jarısınıń final basqıshında qatnaspaqta

Namangan wálayatında voleybol boyınsha erkekler arasında «Universiada-2020» sport jarıslarınıń final basqıshı bolıp ótpekte. Oǵan Qaraqalpaqstan Respublikası saylandı komandası da qatnaspaqta.

Image not found or type unknown

Búgin jerleslerimiz maydan iyeleri – Namangan wálayatı saylandı komandası menen oynaydı.

Erteń Tashkent qalası menen ótkeriletuǵın jarıs aldınan qaraqalpaqstanlı sportshılar búgingi jarısta jeńimpaz bolsa, «Universiada-2020» sport jarıslarınıń jeńimpazı bolıwına imkaniyatları joqarılaydı.

Jerleslerimizge áwmet tilep qalamız!

Fotoda Namanganǵa qarsı oyın aldınan tayarlıq procesi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi